

Bèta-talasemi se yon maladi ki frape pi sou van moun k ap viv nan Meditèrane, Mwayennoryan, Sid-Azi, Lend, Pakistan, elatriye), Sidès Azi, ak Zansèt chinwa.

Anjeneral moun ki gen pwofil talasemi pa gen pwoblèm sante ki pa yon anemi lejè.

Ou ka gen pwofil bèta-talasemi epi ou pa konnen sa.



Cooley's Anemia Foundation
330 Seventh Avenue, #200 New York, NY 10001
(212) 279-8090 FAKS (212) 279-5999

www.thalassemia.org

Èske Ou Te
Teste pou Pwofil
Bèta-Talasemi?

Talasemi se non yon gwoup twoub jenetik nan san. Plis pase de milyon moun nan Etazini gen pwofil jenetik la pou talasemi.

Ou ka youn nan moun sa yo.

Gen de rezon ki enpòtan anpil pou chèche konnen si ou gen **pwofil bèta-talasemi**:

Premyèman, lè de moun ki gen **pwofil bèta-talasemi** gen yon timoun, gen yon chans sou kat (25%) avèk **chak** gwosès pou timoun nan fèt avèk yon **twoub san grav** k ap bezwen transfizyon san ak tretman avèk medikaman avi.

Dezyèmman, kèk doktè ka fè erè pou panse **pwofil bèta-talasemi** se yon lòt pwoblèm medikal epi preskri tretman ki pa kòrèk la pou ou.

Li fasil pou chèche konnen si ou gen **pwofil bèta-talasemi**.

Premye etap pou chèche konnen si ou gen **pwofil bèta-talasemi** se pou mande doktè ou pou analize gwosè globil wouj ou yo. Doktè a ap montre sa avèk Volim Mwayen Kò (Mean Corpuscular Volume, MCV) Emogram K ou. Doktè ou ka deja gen yon dosye CBC ou anplas.

si chif MCV ou pi piti pase 75, epi ou PA gen defisyans fè, ou ka gen **pwofil bèta-talasemi**. Lòt tès, tankou yon elektwoforèz emoglobin, emoglobin A2 kantitatif ak emoglobin kantitatif F pral nesèsè pou doktè a detèmine si ou gen **pwofil bèta-talasemi**. Doktè ou kapab rekòmande pou ou fè tès sa yo.

Pou konprann fason talasemi afekte kò imen an, ou dwe konprann toudabò enpe kichòy sou san.

San pran oksijèn ki nan poumon ou pou mennen li nan lòt pati kò ou. Yon pwoteyin ki rele emoglobin ki andedan globil wouj yo charye oksijèn nan. Emoglobin fòme avèk de diferan kalite pwoteyin, ki rele globin alfa ak bèta.


Bèta-globin fèt avèk de jèn, chak paran transmèt youn ladan yo ba bebe a. Moun ki gen yon bèta-globin ki pa nòmal gen **pwofil bèta-talasemi** (ki rele **bèta-talasemi minè** tou).

Yon moun ki gen **pwofil bèta-talasemi (minè)** ap senpleman pote pwofil jenetik la pou bèta-talasemi epi anjeneral moun nan p ap gen pwoblèm sante ki pa yon anemi lejè.


Doktè yo fè erè souvan pou konsidere ti globil wouj moun ki gen **bèta-talasemi minè kòm** yon siy defisyans fè epi yo preskri moun nan siplèman fè yon fason ki pa kòrèk ki p ap soulaje anemi an.

Si ou teste pou **pwofil bèta-talasemi** epi doktè a jwenn ou gen pwofil nan, madanm/mari ou ta dwe teste tou pou **pwofil bèta-talasemi**.


Si...



toulède paran yo gen pwofil **bèta-talasemi** an



25% Anemi Cooley



...Answit

gen yon chans 25% avèk **chak** gwosès pou timoun nan ap eritye de jèn bèta-globin ki pa nòmal.

Nan fòm pi grav li, sa ka lakòz **bèta-talasemi majè** oswa **anemi Cooley**, yon twoub san sevè k ap lakòz yon anemi ki menase lavi ki bezwen transfizyon san regilye ak swen medikal ektansif pèmanan.

Eritaj de jèn bèta-globin ki pa nòmal yo ka lakòz tou **bèta-talasemi entèmedyè**, yon anemi ki sevè yon fason modere epi ki gen pwoblèm sante enpòtan tankou difòmite zo ak agrandisman larat la.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou talasemi, tanpri kontakte: Cooley's Anemia Foundation nan nimewo (212) 279-8090 oswa nan adrès imèl info@thalassemia.org Ou kapab ale tou sou sitwèb nou nan www.thalassemia.org

Si oumenm ak madanm/mari ou gen **pwofil bèta-talasemi** epi nou planifye pou gen pitit, ou ta dwe chèche konsèy yon konseye jenetik.